

*Life don beta...***EPISODE 12****Characters***Pullen**Efe**Akugbe**Edogun**Beauty**Client (Voice)***Scene 1****Pullen's residence. Morning**

1. **SFX:** OFF MIC, SOUND OF BED CREAKING
2. **PULLEN:** (OFF MIC, STRETCHING LOUDLY) Yeeee, my body oh. Old age noh easy o. Abeg, where my slippers?
3. **SFX:** OFF MIC, SOUND OF SLIPPERS SHUFFLING ALONG THE FLOOR AND DOOR OPENING.
4. **PULLEN:** (COMES ON MIC, STILL SHUFFLING HIS FEET). Ahn-Ahn!! wetin be dis?!!! (SHOUTS) Efe! Efe!!
5. **EFE:** (OFF MIC) Yes o my husband, I dey come o.
6. **SFX:** DOOR OPENS
7. **EFE:** (ON) Good morning, Pullen my husband. How your body today na?
8. **PULLEN:** (ABRUPTLY) Fine.
9. **EFE:** You dey call me, hope nothing?
10. **PULLEN:** (IRRITATED) You don see this house? Why e roff like dis? Waka enter go see parlour as e scatter, con *dohti* (dirty) anyhow. Dat nah bottle wey my visitor dem drink yesterday. Yesterday?! Ahn-ahn, Efe!
11. **EFE:** (SOFTLY) Pullen, you know as dis house be nah. Since you gree make Isoken comot, everything just hard. Work too much.
12. **PULLEN:** Ehn? Isoken nor be one person? Wetin you dey talk na say, if she noh dey, dis house go scatter, come be like dustbin, ehn?
13. **EFE:** (UPSET) Ah-ah wetin sef. Me sef I noh be one person? I dey try all my power. Na me go cook, do my shop and

- business and na me go con clean house? When Isoken dey for here, she dey help me clean house, but well...
14. **PULLEN:** So why you noh make the others dem join you. Where Akugbe? What of the children?
15. **EFE:** The children? Shebi dem dey go school nah.
16. **PULLEN:** And so? Dat one noh mean say dem noh go fit dey do small work for house ah-ah.
17. **EFE:** **(UPSET)** Pullen hmmm, nah because nah me be your second wife and nah me born dem abi? I kuku know say you love Isoken pass dem.
18. **PULLEN:** Which kain yeye talk jus dey comot for your mouth ehn, dis woman?
19. **EFE:** Everybody know say nah Isoken you love pass. Isoken ooh, Isoken eeh. ‘Efe make we find money take buy Isoken JAMB form’, ontop say she don fail twenty times. Imagine. Na she be your only pickin ehn, na she?
20. **PULLEN:** Efe, take your time oh. You know say noh be so, and I love all my pickin dem...
21. **EFE:** **(SCOFFS)** Hmm... na true
22. **PULLEN:** Efe, All I dey talk nah say our house noh go fit dey *dohti* (dirty) dey *roff* anyhow like dis. If the work too much for you, den make dem Akugbe and the children help you nah. In short, dem suppose help you sef. Na wetin I talk wey bad now?
23. **EFE:** Akugbe dey busy for im housegirl work. You know say she noh dey always dey dey for here nah...
24. **PULLEN:** But Akugbe dey here today. I see am for morning. Okay, if Akugbe noh go help you, the children dem nko?
25. **EFE:** I wan make dem dey put eye for dem school book.
26. **PULLEN:** **(INTERRUPTS)**. Efe, dat wan noh be talk abeg. Na yeye excuse. Notto school Isoken dey, wey she dey clean the whole yard. And nah by herself o.
27. **EFE:** **(RETORTS)** And dat nah the reason why she dey fail anyhow.
28. **PULLEN:** **(SHOCKED)** O-ho! So, Efe you bin wan make the girl fail abi? If you know say the work too much for am, and

you know say she get exam, why you noh share the work among the children dem, so e go dey beta.

29.MUSIC:

FADE UP AND BRIDGE OUT

30.SFX:

BRIDGE MUSIC

SCENE 2

Pullen's residence. Evening

- 31.**EFE:** **(SHOUTING OFF MIC)** Akugbe! Akugbe!!
- 32.**SFX:** **(SOUND OF FOOT STEP HURRYING)**
- 33.**AKUGBE:** Yeess Sister Efe! Wetin happen? Anything happen?
- 34.**EFE:** Nothing happen... wetin you dey do?
- 35.**AKUGBE:** I dey file my nail. Wetin dey?
- 36.**EFE:** Since you noh dey busy, come help me clean cupboard for kitchen.
- 37.**AKUGBE:** But ahn-ahn sister Efe, I dey busy nah. And nah which tym you begin dey do house work?
- 38.**EFE:** Since Isoken comot. And my husband dey shout. Come here con help me jor.
- 39.**AKUGBE:** Sorry o sister, but I just fix nails nah and dem fit spoil now.
- 40.**EFE:** **(CLAPPING HER HANDS AND UPSET)** Heeey!
Akugbe which kind yeye behaviour you dey show me so. You dey do house work for dat your housegirl work wey you say you dey do?
- 41.**AKUGBE:** **(SOUNDING SERIOUS)** Look sister you know say me I wan hook one whitey wey hold well-well. But I noh go fit if my nails dem wohwoh..
- 42.**EFE:** **(UPSET)** Akugbe! Wait first, you dey tink say nah me Efe, go dey do all the housework, while you go dey file your nail or dey rub lipstick?
- 43.**AKUGBE:** I noh say so-o sister Efe
- 44.**EFE:** **(RAISING HER VOICE)** Den which kian rubbish you dey talk so? You dey craze?
- 45.**AKUGBE:** Sister, but notto my fault say you beat Isoken con wound am join, sotey im aunty rush come carry am go.
- 46.**EFE:** **(EXCLAIMS)** Akugbe...
- 47.**AKUGBE:** Yes nah, sister Efe, before you go dey beat am like dat, you suppose rememba say nah she dey kuku do all the work for dis house, because of day like today now, wey I fix nails.
- 48.**EFE:** **(ANGRILY)** Chai, Grace go hear am, as she take dat girl comot from here, *I go clear her doubt.*

49. **AKUGBE:** Sister kai, you hate Isoken o, noh be small
50. **EFE:** Who tell you say I hate am?
51. **AKUGBE:** Na wa o. Isoken na im dey do all the work for house, but you go para like say she dey sleep from morning to night. Why you noh dey happy as she don kuku delete from here. I jus dey wonder o.
52. **EFE:** See you... na mumu she be nah. You noh know say Isoken don go from frying pan to fire
53. **AKUGBE:** How?
54. **EFE:** Notto Grace with im family, wey everythin jus dey red for dem anyhow. I wonder how dem dey manage sef ontop one room plus noh money. As in, *Owu* dey chop for dem house. **(MOCK LAUGHTER)** Isoken go soon run come back house here. *Owu* go clear im eye.
Mstcheew
55. **AKUGBE:** Well, me I noh believe say she go come back ...
56. **EFE:** You go see, but for now, you go follow join hand do work for here o
57. **AKUGBE:** Den abeg make una go find house girl o, I fit help una find sef.
58. **EFE:** Akugbe! Akugbe!!
59. **AKUGBE:** Wetin nah sister! If una noh fit get housegirl den make dem Isoken join do work for house nah. Dem be small pickin.
60. **EFE:** I noh wan make dem begin dey fail for school. I wan make dem put dem eye for dem book so dem go fit pass Isoken with their SSCE result, dem go con enter university.
61. **AKUGBE:** I hear you o, but sister, if una dey tink say una wan use me Akugbe dey do anoda Isoken for dis house, jus delete am from una mind nah! Abeg I come house con rest, so noh just dey *para* onto nothing or else I noh go come here again o.
62. **SFX:** **BRIDGE MUSIC**

Scene 3

Edogun's family house. Night

- 63.**SFX:** **DOOR OPENS**
- 64.**BEAUTY:** **(STARTLED)** Edogun.
- 65.**EDOGUN:** Beauty... My beaurriful sister. Person noh dey see your eye for here again o?
- 66.**BEAUTY:** Edogun, nah work o
- 67.**EDOGUN:** Eh yah. But your work suppose be Monday to Friday nah. But even for weekend you noh dey dey house.
- 68.**BEAUTY:** Well, na tru you talk. Me I noh even wan dey near here at all sef.
- 69.**EDOGUN:** Why na? Notto *Eypah* house.
- 70.**BEAUTY:** Edogun, but you know say people too plenty for dis house. E con dey resemble barracks. E dey irritate me well-well, dat nah why I dey kuku siddon for my guy house..
- 71.**EDOGUN:** Guy? Beautyyyy!
- 72.**BEAUTY:** **(LAUGHS)** See the way you dey look me. I be baby? I be thirty five years o. abi you don forget?
- 73.**EDOGUN:** I neva forget.
- 74.**BEAUTY:** **(WITH A SMILE)** O-oh, because I neva marry abi?
- 75.**EDOGUN:** I talk dat one now ehn beauty? Well, me I jus feel say you noh suppose dey stay your guy crib like dat nah...
- 76.**BEAUTY:** **(CUTS IN)** Ah! why?
- 77.**EDOGUN:** Dey hear me first, I be man o, and I know say when woman dey visit im boyfriend too much, sotey e dey sleep der anyhow, him go begin dey look am like cheap girl, him go come dey do am anyhow.
- 78.**BEAUTY:** No-o... my guy noh be like dat, in fact we fit soon marry sef
- 79.**EDOGUN:** You noh dey think say you fit go get belle? You know say dat one nah big disgrace...
- 80.**BEAUTY:** **(CUTTING IN)** ... for our family. I know brother. Moreover, even as I love my guy finish, I noh fit get belle.
- 81.**EDOGUN:** Why you dey so sure?
- 82.**BEAUTY:** Becos I noh foolish. I don settle my side. I dey use my FP and I happy with am. So, noh need to dey worey.

83. **EDOGUN:** **(RELIEVED)** Okay o! as you don kuku talk am, no *gayin*. But me I jus dey tink dey worey.
84. **BEAUTY:** **(LAUGHING)** I knowww... thank you sha. But how una don dey manage as una pack come here?
85. **EDOGUN:** Hmm... as we take pack enter dis one room noh easy at all for Grace plus the children dem. I noh happy, I dey feel like yeye small boy and shame dey catch me die say for dis stage of my life wey I don suppose advance, say I con carry my wife and children con stay my room for our family house.
86. **BEAUTY:** **(SYMPATHETIC)** Brother I understand the matter. But nothing dey wey you fit do dat year nah. You noh get choice....
87. **EDOGUN:** **(SIGHS)** hmmm...
88. **BEAUTY:** **(ENCOURAGING HIM)** Jus take am easy I know say everything go settle. So wetin una wan do now?
89. **EDOGUN:** You remember Desmond dat businessman nah. Oh, dat man don try for me die, him even talk say him go gimme work. Him don giv Isoken work too. God go bless am
90. **BEAUTY:** Well we thank God o. But wait first bros, I hear say dat Desmond sabi chook eye for married woman matter o. Make Grace shine her eye for himside o.
91. **EDOGUN:** Ah no-o, I noh see Desmond as dat kain person lailai. E go jus be all dis amebo gist dem from people wey dey jealous am. Na man of him word. If you see the way him jus give Isoken work ehn, jus like dat.
92. **BEAUTY:** Well you fit dey right sha. All the amebo gist fit just be lie, or maybe him don change him movement.
93. **EDOGUN:** **(SERIOUSLY)** Beauty, even if all the talk-talk dem be true. I trust my wife; she noh fit run dat kain parade.
94. **BEAUTY:** **(LAUGHS)** hmmm... love dey shack some people o!
95. **EDOGUN:** My darling Egracie na my own, and nah only me get am, so nobody fit come scatter us.
96. **SFX:** **BRIDGE MUSIC**

Scene 4

In a brothel. Night

97. **SFX:** **BED CREAKING. COUPLE LAUGHING**
98. **CLIENT:** Akuzi Akuzi. My sweet Akuzi (**COUGHS**)
99. **AKUGBE:** Chief chief. My one and only chief
100. **CLIENT:** (**KISSES**) My baby. Make we start nah (**COUGHS**)
101. **AKUGBE:** (**LAUGHING**) You know say I ready for you anytime but dis one wey you don dey cough like this? Hope no problem o?
102. **CLIENT:** My Akuzi, no problem nah. E be like say na dat coconut wey I chop for morning today
103. **AKUGBE:** Okay-o I don hear you. But you know say we suppose first step down.
104. **CLIENT:** Anything wey you want o my Akuzi
105. **AKUGBE:** (**HAILING HIM**) Chief, chief. Dat na why I like you.
106. **CLIENT:** (**PROUDLY**) Order anything wey you want
107. **AKUGBE:** Of course.
108. **SFX:** **PUNCHING OF TELEPHONE NUMBERS. PHONE RINGS**
109. **VOICE:** (**OFF MIC**) Na room service be dis, na wetin una want make we do?
110. **AKUGBE:** Abeg bring two plate of pepper soup plus two bottle of *Udeme* (big stout).
111. **CLIENT:** (**COUGHS**) Akuzi
112. **AKUGBE:** (**CONCERNED**) Chief you sure say you dey okay? why you con dey sweat like dis like say dem baff you?
113. **CLIENT:** I noh know o! Maybe nah the heat. Abi nah you, my Akuzi baby (**LAUGHS THEN COUGHS**)
114. **AKUGBE:** (**WORRIED**) enh... Chief, you sure say you go fit perform like dis so?
115. **CLIENT:** (**BOASTING**) Noh worey after I chop come wash am down with *Udeme*, I go con rest small, den you go see whether I noh go wound you dis night, in fact you go dey shout, dey beg me.
116. **AKUGBE:** Ah! You no know who you dey follow talk? Na mee oh! Akugbe alias Akuzi; the one wey noh dey tire. I go kill you for here (**LAUGHS**)

117. **CLIENT:** **(LAUGHS THEN COUGHS)** Aku..**(THROAT TIGHTENS UP)** Aku..
118. **AKUGBE:** **(AFRAID)** Chief?! Chief?! Wetin dey happen nah? Oya siddon!
119. **SFX:** **THUD ON THE FLOOR**
120. **AKUGBE:** **(QUIETLY IN SHOCK)** Yee! Chief! **(PAUSES)**
121. **SFX:** **TAPS HIM LIGHTLY 3 TIMES ON MIC**
122. **AKUGBE:** **(PANIC-STRICKEN)** Aah! Aah!! Chief, stand up abeg. Ah chief, you noh fit *fent* (faint) like dis o. Chief o! Chief!!
123. **SFX:** **KNOCK ON THE DOOR**
124. **VOICE:** Na Room service
125. **SFX:** **DOOR OPENS**
126. **AKUGBE:** **(HYSTERICAL)** Abeg con help me. I noh know wetin do chief. Abeg help me.
127. **VOICE:** Ehn? Chief! Chief!! Na wetin you do am?... Chief!! **(PAUSES)** Hmmm sister, you don kill am o. **(SHOUTS)** Efrybody come o. Dis girl don kill person for here o!!!!
128. **AKUGBE:** **(IN TEARS)** Haba, I noh do anything nah. I swear I noh touch am. Him jus dey coff **(HYSTERICAL)** Chief stand up, abeg nah, chief wetin be dis nah.....
129. **ooVOICE:** **(CUTS IN, PISSED OFF)** Abeg sharrap nah. I say you don kill am, I know una kind ... Oh God, I dey go call *Mopol* (police).
130. **AKUGBE:** Ye! abeg noh call *wangara* (police) abeg, I noh do anything, true to God.
131. **VOICE:** Tell the *Mopol* (police) dat one when dem come. Oya waka make we dey go manager office, I say waka! waka!!
132. **AKUGBE:** Chai! God know say I dey innocent. I noh do chief anything. Oh God, na who go come save me now.
133. **MUSIC:** **BRIDGE MUSIC**